

Tall Tales Tell children that you will read a tall tale. Explain that a tall tale is a funny story that tells about things that could not happen in real life.

Connecting to the theme: tell children that this story has funny ideas about how some of Earth's lakes and rivers were formed.

Paul Bunyan

Èske w janm tande pale de Paul Bunyan? Li se yon pèsonaj trè koni nan fòklò Ameriken. Li se yon jeyan ki mezire 20 pye de otè. Lè li ap mache, pa li yo te menm longè ak kò li. Gen moun ki kwè, Paul te yon pyone nan biznis koupe bwa nan lane 1800 yo. Gen lòt ki di, li te pi gran koupè d bwa ki te janm viv sou tè a.

Paul Bunyan te gen yon gwo bèf ki te rele Beb. Beb te peze 10 mil liv. Li te pi djyanm pase 9 cheval, epi kòn ni te tèlman long, ke mesye yo te konn mare yon gwo kòd nan yo pou fè yon liy pou yo seche rad.

Pafwa, lè Beb ap mache, zago l fouye yon gwo twou ki tounen yon etan (lake). Ak Zago l, Beb fouye anpil etan nan eta Wisconsin ak Minnesota. Gen moun ki menm di ke rivyè Mississipi a te fòme lè Beb kilbite sou yon gwo tank dlo.

Nap pale de fòs! Èske w konnen yon fwa Paul ak Beb rale yon gwo kay jis sou yon tèt mòn? Epi, Paul desann ranmase fondasyon an, retounen sou mòn nan, epi mete kay la jann te jwenn ni an, nan yon segonn.

Èske w janm tande pale de lanèj ble? Hmm, yon lè nan ivè, lanèj tonbe pandan sèt jou. Beb kite blan kou lanèj, woule nan nèj la, epi li tounen ble tankou syèl ble.

Nou konnen jan l fè frèt an ivè. Enben, Paul ak kamarad li yo pat fatigue yo pou manje cho. Yon fwa, yon pake pwa tonbe nan yon sous dlo cho. Mesye yo annik mete sèl, pwav, ak vyann kochon epi yo fè yon gwo chodyè soup pou yo manje pandan tout ivè a.

Yap, nou tap pale de bon vye tan!

Ann reflechi sou istwa a. (Higher Order Questioning; Oral Language development)

1. De kimoun istwa a pale?
2. Kijan w kwè Paul santi l lè gwo bèf li a tounen tou ble?
3. Kisa w kwè kap pase si Paul Bunyan ta parèt nan katye bò lakay ou?
4. Èske w kwè Paul avèk Beb reyèlman ka deplase yon kay pou kont yo?
5. Èske w panse zago Beb ka reyèlman fouye etan lè l ap mache?
6. Èske Paul ak Beb se pèsonaj reyèl oswa fantezi? Poukisa ou di sa?
7. Konpare Paul avèk lòt koupè d bwa yo. (Ou ka sèvi ak Venn Diagram)